

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina bab ieu dipedar ngeunaan métode jeung téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sumber data, instrumén ngolah data, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.1 Métode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Métode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Tujuan digunakeun ieu métode sangkan meunang gambaran ngeunaan hasil analisis ma'na jeung harti kecap sipat dina novél *Pipisahan* karya R.A.F.

Métode deskriptif nya éta metode panalungtikan nu dipaké pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan status hiji gejala nu aya nya éta kaayaan gejala anu nurutkeun naon ayana waktu panalungtikan diayakeun, métode déskriptif henteu merlukeun administrasi atawa pengontrolan kana hiji kalakuan.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka jeung analisis data. Téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan ku cara macaan sarta neuleuman eusi buku-buku nu aya patalina jeung panalungtikan. Ari analisis data digunakeun pikeun nganalisis bahan atawa data

anu geus dikumpulkeun, diteuleuman, dipesék nepi ka kapanggih ma'na jeung harti kecap sipat dina novél *Pipisahan*.

3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tabél data. Cara ngagunakeun tabél data nya éta nyalin sakabéh kecap sipat kana tabél anu geus di sadiakeun sarta disusun sacara alfabétis. Data kecap sipat dicutat judul novélna *Pipisahan* (p), kaca, paragraf, jeung jajaranna.

Conto Instrumén:

A	
KS	: Ageung (P/63/8/30)
Harti	: Lemesna tina gedé
Wanda	: Ukuran

Pikeun mikanyaho kecap sipat nu dipaké, diitung ku frékuénsi jeung prosentasina. Carana nya éta jumlah kecap sipat nu muncul dibagi sakabéh kecap sipat nu muncul dikali saratus.

Saréngsena disalin, éta kecap sipat diasupkeun kana tabél dumasar kana tipe jeung posisi kecap sipat, wanda, ma'na sarta luyu henteuna léksiko-semantis kecap sipat pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA dumasar kana Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP).

3.3 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novél *Pipisahan* karangan R.A.F. Novél *Pipisahan* téh diterbitkeun ku PT Dunia Pustaka Jaya, taun 1977, kandel buku 108 kaca. Tina éta sumber data dijarah sakumna kecap sipat. Jadi sakabéh kecap sipat anu aya dina novél *Pipisahan* karangan R.A.F téh dijadikeun panalungtikan. Ku kituna, ieu sampel panalungtikan téh ngagunakeun sampel total.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

- 1) Nyirian kecap-kecap nu kaasup kana kecap sipat dina novél *Pipisahan* karangan R.A.F;
- 2) Nyalin sakabéh kecap sipat kana kartu data;
- 3) Nyusun kecap sipat kalawan alfabétis.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Data panalungtikan ngeunaan kecap sipat dicokot tina sumber tinulis, nya éta novél *pipisahan* karangan R.A.F. Langkah-langkahna saperti ieu di handap.

- a. Maca sagemblengna novél *Pipisahan* karangan R.A.F;
- b. Nyusun sakabéh kecap sipat anu aya dina novél *Pipisahan* karangan R.A.F;
- c. Nyatet kecap sipat anu geus disusun kana kartu data;
- d. Ngadéskripsikeun kecap sipat dumasar ma'na léksikal; jeung
- e. Nyieun bahan pangajaran kecap sipat basa Sunda.